



Pou Piblikasyon Imedya: 14/11/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEKRÈ EGZEKITIF POU SIPÒTE NEW YORK KÒM
PREMYE ETA KI APWOPRIYE POU TOUT LAJ YO NAN NASYON AN**

***Yo Te Elabore Dekrè Egzekitif lan pou Enkòpore Sistematikman Bezwen Sante
Popilasyon yo, Domèn Vivabilite yo, ak Prensip Kwasans Entelijan yo nan
Politik Tout Antite Gouvènman Eta yo pou Amelyore Sante ak Byennèt
Moun New York yo Atravè Dire Lavi yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye jodi a yon [dekrè egzekitif](#) ki bay ajans leta yo enstwiksyon pou yo enkli priyorite [Kalandriye Prevansyon](#) Eta New York yo ak [ywit domèn vivabilite](#) AARP/Òganizasyon Sante Mondyal la (World Health Organization) pou kominote ki apwopriye pou laj yo, kote ki apwopriye, nan plan federal ak eta yo, ak politik ajans yo, pwosedi yo, ak pasasyon mache yo.

“New York angaje nan kreye kominote ki ap pwospere ki ap sipòte epi atire moun tout laj diferan yo, epi dekrè egzekitif sa a pral kontinye maksimize efò nou ap fè yo antan ke eta ki apwopriye pou laj nan peyi a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Enkòporasyon prensip kwasans ki apwopriye pou laj yo nan fabrik gouvènman leta yo pral sipòte devlopman kominotè epi amelyore sante ak kalite lavi tout moun New York yo.”

“Isit la nan New York, nou fyè de jan ke nou ap investi nan moun New York yo nan chak etap lavi a”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Angajman nou pran anvè granmoun aje yo li san presedan, epi pandan ke moun yo ap viv depizanpli long, pi konble, li ap vin deplizanpli esansyèl pou asire ke nou konble bezwen yo epi ke yo aktif nan kominote yo. Antan ke premye Eta ki Apwopriye pou Laj nan nasyon an, nou angaje nan enkòpore bezwen sante yo ak inisyativ kwasans entelijan yo nan tout ajans leta yo pou asire ke tout moun New York yo ap mennen pi bon lavi yo.”

Dekrè egzekitif lan ap pwomouvwa apwòch Sante Atravè Tout Politik (Health Across All Policies) Gouvènè a, ki ap bay divès ajans leta enstwiksyon pou travay ansanm pou amelyore sante popilasyon an, pwomouvwa vyeyès an sante, epi asiste lokalite yo nan planifye epi reyalize eleman pou kreye kominote ki apwopriye pou laj yo.

Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, AARP ak Òganizasyon Sante Mondyal la te deklare New York kòm premye eta ki apwopriye pou laj yo nan nasyon an nan ane 2017.

Objektif enkòporasyon konsèp ki apwopriye pou laj yo nan opòtinite atribisyon kontra ak pasasyon mache gouvènman yo se pou kreye epi ankouraje kominote ki pi an sante, ki pi entegre ki ap pèmèt moun New York tout laj diferan yo pou yo fasilman resevwa sèvis, patisipe, epi deplase nan kominote yo an. Aksyon ak envestisman ki sible yo konsidere oswa bay preferans pou konsèp ki apwopriye pou laj yo, ki gen ladan sipòte vyeyès an sante ak vyeyès sou plas, epi sipòte nouvo biznis ak modèl pasasyon mache yo pou domèn tankou lojman, konstwiksyon, ak teknoloji enfòmasyon. Yo akonpli bagay sa yo atravè chanjman onivo sistèm lan yo, tankou ofri rekonpans pou konsèp ki apwopriye pou laj yo, etabli nouvo liy direktris pasasyon mache yo ak modèl finansman yo, oswa mete sou pye chanjman regilatwa yo.

Depi 2011, Gouvènè Cuomo te travay pou fè Eta New York vin pi vivab, dirab epi ekitap pou moun tout laj diferan yo. Sou sèt ane ki sot pase yo, New York te vin yon lidè nasyonal nan kreye kominote ki pwòp, vivab, ak kominote dirab yo nan lanse pou premye fwa pwogram sou divès fasèt yo ki ap sipòte vyeyès sou plas, konbine ak yon seri refòm kwasans entelijan san parèy yo ki ap sipòte dirèkteman ywit domèn vivabilite yo:

- Depi lè ke yo te siyen [Lwa sou Lari Konplè an \(Complete Streets Act\)](#) an 2011, 12 konte ak plis pase 100 vilaj, komin, ak vil yo te adopte politik Lari Konplè yo pou konsidere aksè ki sekirize, ki konvenab ak mobilite tout itilizatè otowout ki gen tout laj ak kapasite yo.
- Atravè inisyativ [Livable NY](#) lan, Eta a te ap travay ak minisipalite yo pou bay asistans teknik pou desizyon planifikasyon yo konsènan vivabilite.
- Nan kad [plan lojman abòdab revolisyonè](#) Gouvènè an, Eta New York pral investi 125 milyon dola pou devlope oswa reyamenaje lojman ki a pri abòdab ki vize moun New York ki aje ki gen revni fèb yo, ki gen laj 60 an oswa pi plis.
- Nan kad [Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan \(Downtown Revitalization Initiative\)](#), Eta New York te bay 300 millyon dola bay 30 zòn anba lavil jiska dat, ki priyorize prim pou minisipalite yo ki gen politik ki apwopriye pou laj yo ki an plas.
- An 2017, Biwo pou Granmoun Aje yo nan Eta New York lan (New York State Office for the Aging) te kreye premye [aplikasyon mobil sèvis vyeyès](#) pou konekte granmoun aje yo ak moun ki ap bay swen yo ak materyèl ki aksesib fasilman sou avantaj, pwogram, ak sèvis, ki enkli enfòmasyon konsènan opsyon sante ak byennèt, lojman, ak transpò yo.
- Depi lè ke yo te siyen Lwa Bankè Tèren Eta New York lan (New York State Land Banks Act) an 2011, Eta New York te kreye 25 bank tèren epi li se kounye a yon lidè nan konbat ewozyon, espas vid ak abandon nan kominote ki defavorize epi ki an detrès yo.

Greg Olsen, ki se Direktè Pwovizwa Biwo pou Granmoun Aje Eta New York la, te di, “Kominote ki konprann epi adopte prensip kwasans entelijan epi ki apwopriye pou laj yo ap pwospere nan atire nouvo abitan nan New York epi konsève lòt yo, sa ki enkli ogmante popilasyon granmoun aje yo. Moun New York ki aje yo se yon pati vital nan kominote yo, ki ap kontribiye sou plan ekonomik, sosyal, ak entèlektyèl atravè volontarya, angajman sivik, anplwa, ak touris. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo poutèt li

ap dirije apati egzanp nan devlope yon apwòch global pou enkòpore prensip ki apwopriye pou laj yo nan travay jounalye ajans leta yo”.

Komisè Depatman Sante Eta New York la (New York State Department of Health), Howard Zucker, te di, “Dekrè Egzekitif sa a ap pwomouvwa apwòch kolaboratif Sante Atravè Tout Politik yo ki te kòmanse an 2017 lè New York te vin premye Eta ki Apwopriye pou Laj yo nan nasyon an. Entegrasyon konsiderasyon sante yo nan lejiferasyon politik yo atravè tout sektè yo pral ede amelyore sante kominote nou yo apati rekonesans ke pi gwo defi sante nou yo konplike epi souvan yo relye ak lòt pwoblèm sosyete yo ki depase limit swen sante ak aktivite sante piblik tradisyonèl yo”.

Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado, te deklare, “Eta New York te vin yon lidè mondyal nan kominote ki an sante, ki apwopriye pou tout laj yo lè li te vin premye Eta ki Apwopriye pou Laj yo nan nasyon an. Dekrè Egzekitif sa a ap asire ke prensip kominote ki an sante yo pral fèmman enkòpore nan politik ak pwogram eta yo. Depatman Eta a fyè poutèt li te pwopoze prensip sa yo nan kad pwogram planifikasyon ak gouvènman lokal li yo, epi nou espere elaji angajman sa a atravè enstwiksyon pwogresis ak inovatif Gouvènè an”.

Senatè Sue Serino, Prezidan Komite Moun Aje Sena Eta New York lan (New York State Senate Aging Committee), te deklare, “Antan ke Prezidan Enterimè, objektif mwen te genyen depi lontan se te pou asire ke granmoun aje nou yo gen resous ke yo bezwen pou ka vyeyi kote yo ye a, lakay yo nan kominote yo, ak diyite. Inisyativ sa a se yon pa nan bòn direksyon an nan sa ki gen pou wè ak bay moun New York ki aje yo mwayen. Mwen remèsye Egzekitif lan poutèt li rekonèt nesosite pou amelyore sèvis yo, pwomouvwa vyeyès an sante, epi asiste kominote yo atravè eta a nan planifye epi aplike mezi yo yon fason efikas pou asire kominote ki apwopriye pou laj yo. Se espwa mwen ke pwogrè sa a ap etabli baz pou yon angajman ki ogmante anvè granmoun aje nou yo nan bidjè leta ane pwochèn nan”.

Manm Asanble Donna Lupardo, Prezidan Kominote Asanble a sou Vyeyès la te di, “Nan enkòpore politik ki apwopriye pou laj yo nan planifikasyon kominote atravè eta a sa pral ede amelyore kalite lavi pou moun tout laj yo. Anpil kominote, tankou pwòp pa mwen an nan Konte Broome, deja ap travay pou yo ka vin pi an sante epi pi vivab. Mwen espere travay ansanm ak Gouvènè a ansanm ak kòlèg mwen yo pou asire ke resous yo disponib pou ede asire ke plan enpòtan sa yo reyisi”.

Jeff Kraut, Prezidan Konsèy Sante Piblik ak Planifikasyon Sante Eta New York lan (New York State Public Health and Health Planning Council), te deklare, “Konsèy Sante Piblik ak Planifikasyon Sante Eta New York lan, atravè sipò li pou Kalandriye Prevansyon an, te angaje nan asire ke Eta New York ap vin eta ki pi an sante pou moun tout laj yo. Nou aplodi dekrè egzekitif Gouvènè a ki pral bay sipò enpòtan pou kominote yo atravè eta a ki ap travay pou amelyore sante tout moun New York yo”.

Judith A. Salerno, MD, MS, Prezidan, The New York Academy of Medicine, te deklare, “Akademi an aplodi angajman pèmanan Gouvènè a pran anvè politik ki ap pwomouvwa sante yo pou moun tout laj yo. Nan bay enstwiksyon pou ajans eta yo byen itilize estrikti ak sistèm aktyèl yo pou abòde Priyorite Kalandriye Prevansyon yo ak Ywit Domèn ki nan yon Vil Ki Apwopriye Pou Laj yo pral ale lwen nan kenbe moun yo aktif

epi angaje nan lavi yo, sa ki ap redwi diskriminasyon laj yo, epi kontribiye nan kwasans ekonomik. Nou onore pou nou fè patenarya ak Gouvènè a pou reyalize apwòch piblik/prive vizyonè sa a pou amelyore sante popilasyon an ak byennèt atravè Eta a”.

Beth Finkel, ki se Direktè AARP Eta New York, te deklare, “Dekrè Egzekitif Gouvènè a pral asire ke kreyasyon yon New York ki pi apwopriye pou laj yo ap vin fè pati tout aksyon ak planifikasyon ajans leta yo, ki ap pwomouvwa yon reyevalyasyon de jan ke tout kominote nou yo estriktire pou benefis moun New York tout laj diferan yo. Sa se yon gwo pa annavan epi li ajoute sou aksyon Gouvènè a te poze ane pase nan angaje New York pou vin tounen premye eta a ki vin rejwenn Rezo Kominote ak Eta Ki Apwopriye pou Laj nan AARP-Oganizasyon Sante Mondyal la. Amelyorasyon atravè Eta a ak atravè tout ajans yo - tankou devlopman nouvo kay ak kay ki renove yo pou ka akomode moun tout estaj lavi yo epi asire sèvis sante kominotè ki abòdab - pral fè New York vin yon kote ki menm pi atiran pou moun viv pandan tou jenerasyon yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)